



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 94 MILYON DOLA POU MODÈNIZE TEKNOLOJI NAN LEKÒL YO GRAS AK LWA SOU ANGAJMAN LEKÒL ENTÈLIJAN AN

Komite Revizyon Lekòl Entèlijan an Apwouve 148 Plan Investisman yo Jodi a

2 Milya Dola Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an ap Sipòte Teknoloji nan Sal Klas, Sekirite ki Itilize Teknoloji Avanse, ak Koneksyon ant Lekòl yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse apwobasyon 148 Plan Investisman pou Lekòl Entèlijan (Smart Schools Investment Plans) ki vize amelyore sekirite nan lekòl yo epi reyimajine ansèyman ak aprantisaj pou 21yèm syèk la. Plan ki apwouve yo, ki ap totalize 94 milyon dola, fè pati Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan (Smart Schools Bond Act, SSBA) 2 milya dola a — ki se yon inisyativ teknoloji edikasyon revolisyonè ki te pwopoze an premye pa Gouvènè a, epi ke elektè yo te vote an mas.

"Kòm kriz kontinyèl sante piblik la montre, kounye a plis pase anvan nou dwe fè tout sa ki posib pou ede lekòl yo modènize enfrastrikti yo epi ekipe pou fè etidyan yo suiv etid yo menm lè yo pa ka prezan nan salklas la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ak finansman sa a n'ap ede lekòl yo travèse pandemi an pandan n'ap agrandi opòtinite epi ofri elèv yo konpetans ak teknoloji ke yo bezwen pou yo kapab reyisi nan ekonomi 21èm syèk la."

Komite Revizyon Lekòl Entèlijan (Smart Schools Review Board) an te rankontre pou kenzyèm fwa jodi a pou kapab konsidere plan investisman yo ke distrik lekòl ak lekòl edikasyon espesyal yo te soumèt yo. Komite a gen ladan Direktè Bidjè a, Rektris Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department).

131 distrik lekòl ak senk lekòl edikasyon espesyal te soumèt plan yo te apwouve jodi a yo. Pwojè yo gen ladan 52.2 milyon dola pou teknoloji salklas, 13.7 milyon dola pou koneksyon lekòl, 24.9 milyon dola pou sekirite wo teknoloji ak 2 milyon dola pou sal klas pre-kindègadenn yo. Ou ap jwenn yon rezime plan yo ki disponib [isit la](#).

Avèk Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an, distrik lekòl yo ap envesti nan teknoloji tankou sèvè òdinatè, tablo blan entèraktif, tablèt, òdinatè a bwatye ak laptop, ansanm ak band laj a wot vitès ansanm ak konektivite san fil. Teknoloji sa ap ede elèv yo aprann nan pwòp ritm pa yo, etann aksè a kou avanse yo ak kourikoulòm entèraktif yo epi amelyore kominikasyon ant paran yo ak pwofesè yo. Envestisman nan sekirite ki itilize teknoloji avanse nan lekòl yo soutni acha nouvo ekipman, tankou sistèm notifikasyon ijans yo ak lòt teknoloji sekirite. Envestisman adisyonèl y ap fè nan konstriksyon sal klas prematènèl yo pral ede asire ke elèv yo aprann nan espas ki modèn, yo mete ajou.

Direktè Bidjè Eta a, Robert F. Mujica te deklare, "Atravè pwogram Lekòl Entèlijan (Smart Schools) an, nou ap bay zouti lekòl yo bezwen pou opere sal klas modèn ke elèv yo ka konekte nan kèlkeswa kote yo ye - sa ki pi enpòtan an jan nou ap fè fas ak kriz kontinyèl sante piblik la. An menm tan an, nouvo teknoloji a pral amelyore sekirite lekòl nou an pou kenbe timoun yo an sekirite lè yo nan batiman an pandan y'ap pozisyon elèv nou yo pou siksè tou nan ekonomi 21yèm syèk la".

Komisè Edikasyon Pwovizwa Eta a, Shannon Tahoe te deklare, "Pandemi COVID-19 la souliye bezwen pou tout elèv yo gen aksè a aparèy ki sipòte aprantisaj vityèl. Nan seri apwobasyon sa a, mwen kontan wè anpil distri ki pataje devouman nou pou asire ke edikasyon ekitab pou tout elèv yo, sitou pandan moman difisil yo. Depatman an pral kontinye travay sere avèk patnè nou yo nan Komisyon Konsèy SSBA a ki ap pèmèt distri nan tout eta a sou menm nivo ak peyizaj teknolojik ki chanje rapidman an".

Vis Chanselye Prensipal ak Ofisye Eksplowatasyon an Chèf SUNY an, Bob Megna, te deklare, "Lidè Edikatif yo atravè tout nivo ap devlope plan pou ane lekòl la k'ap vini an pou entegre aprantisaj adistans lè sa nesesè pou kenbe moun yo an sekirite pandan y'ap kontinye edikasyon yo. Pwogram Lekòl Entèlijan Gouvènè Cuomo a pral ede asire elèv yo gen zouti pou yo reyisi pandan y'ap balanse bezwen sante piblik ak bezwen akademik yo avèk siksè. Avèk enpak san parèy pandemi an sou kominote pòv ak kominote minoritè yo - nou fyè paske New York ap redouble jefò pou ede elèv ki nan plis bezwen yo".

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Eta New York pou li envesti 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa sou Angajman Lekòl Entèlijan an — ki se yon inisyativ k ap finanse teknoloji ak enfrastruktir edikatif, k ap bay elèv yo aksè a dènye teknoloji ki pi modèn, ak koneksyon ke yo bezwen pou yo kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21yèm syèk la. Nouyòkè yo dakò, pliske elektè yo te otorize Lwa Obligasyon pou Lekòl Entèlijan yo nan mwa novanm sa.

Aprè pwopozisyon Lwa Angajman an, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entèlijan (Smart Schools Commission) an pou yo rasanble enfòmasyon sou estrateji pou kòman lekòl yo ka envesti finansman angajman sa yo nan fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te pwodwi yon [rapò final](#) ki te rekòmande pou yo met atansyon sou ekstansyon band laj ki solid ak koneksyon san fil, epi itilize teknoloji transfòmatif yo.

Plan yo ke Komite Revizyon Lekòl Entèlijan an te apwouve jodi a te reflete anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)